



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POU PREPARE NOUYÒKÈ YO POU DEPANS ENÈJI MONDYAL YO K AP MONTE NAN IVÈ SA A

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la voye lèt bay konpayi sèvis piblik Eta a pou mande aksyon pou diminye entèripsyon nan rezèv kabiran

Gouvènè a konvoke founisè kabiran nan Eta New York yo pou asire apwovizyonman apwopriye yo disponib

Konsèy pou maksimize efikasite enèji, aksesibilite ak kontò

Li lèt yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo aksyon Eta a pou prepare Nouyòkè yo pou depans enèji mondyal yo k ap monte ak pwoblèm apwovizyonman yo prevwa ivè sa. Anba direksyon Gouvènè Hochul, Prezidan Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la, Rory M. Christian, te voye [lèt](#) yo bay Direktè Egzekitif pi gwo konpayi sèvis piblik Eta New York yo, ki mande mezi pou diminye ogmantasyon ekstrèm pri pwodui yo prevwa pandan sezon ivè a ak pi bon kominikasyon avèk kliyan yo. Gouvènè a te mande ajans yo nan Eta a pou konvoke founisè kabiran yo nan eta a pou asire kabiran chofaj adekwa yo disponib ivè sa a. Nouyòkè yo kapab tou pwofite pwogram ki rantab nan previzyon ivè a pou adopte solisyon efikasite enèji ak elektrifikasyon pou kay ak biznis yo.

"Menm jan vag chalè yo nou te fè eksperyans nan kòmansman ete sa a, Nouyòkè yo ta dwe konplètman prepare ivè sa a pou ogmantasyon depans enèji mondyal yo pandan tanperati yo ap bese epi li bezwen plis enèji pou chofe kay yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap travay nan tèt kole ak patnè yo atravè eta a pou asire Nouyòkè yo gen aksè nan asistans ak pwogram ki ede jere depans k ap monte sa yo pandan y ap kenbe kay yo cho pandan mwa ki pi frèt yo".

Depans pwodui mondyal gaz natirèl, lwil chofaj, ak pwopàn yo kontinye ap monte, sa ki lakòz ogmantasyon depans sèvis piblik ak chofaj, ansanm ak plis ogmantasyon nan pri lwil ak gaz. Nan lèt li bay konpayi sèvis piblik yo, Prezidan PSC Christian mande pou sèvis piblik yo amelyore fyabilite sistèm distribisyon gaz natirèl yo pandan sezon chofaj ivè k ap vini an, ki vini an repons a direktiv Gouvènè a nan mwa mas pou ajans Eta yo

jwenn solisyon pou ogmantasyon yo prevwa nan pri enèji ak pwoblèm pwovizyon potansyèl ki gen rapò ak lwil chofaj kay. Espesyalman, konpayi sèvis piblik eta a yo — ki gen ladan Con Edison, Central Hudson, Orange ak Rockland, National Grid, NYSEG, RG&E, National Fuel Gas, ak PSEG-LI — dwe pran mezi sa yo, pami lòt moun, pou bese enpak entèripsyon potansyèl nan rezèv petwòl:

1. **Kominikasyon Amelyore:** Konpayi sèvis piblik yo pral imedyatman voye lèt bay kliyan komèsyal ki gen doub kabiran, ki gen ladan kliyan entèripsyon, pou konseye yo ranpli rezèvwa kabiran altènativ yo kounye a.
2. **Enspeksyon Estokaj Kabiran:** Konpayi sèvis piblik yo pral enspekte rezèvwa kabiran altènativ yo pou tout kliyan ki gen doub kabiran kote bezwen moun yo sèvi (pa egzanp, lojman Otorite Lojman Vil New York,abri pou sanzabri, lekòl, lopital, elatriye) anvan 1 novanm pou asire yo gen apwovizyonman adekwat pare (tank ki plen oswa ekivalan senk jou rezèv) anvan sezon chofaj ivè a kòmanse.
3. **Revizyon Apwovizyonman Altènativ:** Konpayi sèvis piblik yo pral revize plan ijans sèvis piblik yo pou abòde entèripsyon altènativ nan rezèv kabiran pandan gwo demann gaz yo. Si kliyan doub kabiran yo pa kapab sèvi ak gaz natirèl epi yo pa kapab ranpli lòt rezèv kabiran yo, sèvis piblik yo dwe prepare pou travay avèk ajans gouvènman lokal ak eta a pou pwoteje sante ak sekirite piblik lè tanperati yo desann anba 20 degre. Plan an ta dwe gen ladan wòl ak responsablite pou mete kanpe sant rechofman yo, bay manje cho, etabli lis mèt plonbye nan ka tiyo ki jele nan bilding ki pa chofe, epi idantifye konpayi an ak lòt resous ki ta ka nesesè.
4. **Kowòdinasyon Amelyore:** Nan ka yon entèripsyon nan apwovizyonman lwil, jeneratè elektrik yo ka gen plis difikilte pou achte lwil nimewo 2 pase kliyan chofaj nan kay yo. Konpayi sèvis piblik yo oblije kontinye gen kowòdinasyon solid avèk Operatè Sistèm Endepandan New York la ak gwo jeneratè kouran pou ankouraje operatè doub kabiran yo ranpli tank yo anvan sezon chofaj ivè a.

Prezidan PSC Christian te mande yon repons avèk rekòmandasyon sou fason chak sèvis piblik pral egzekite tout aksyon yo anvan 30 septanm 2022.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare, "Pri pwodui mondyal yo gen chans pou yo rete gonfle ak monte pandan sezon chofaj ivè a. Se poutèt sa, li esansyèl pou sèvis piblik yo kontinye gen kominikasyon solid ak kontinyèl avèk kliyan yo pou ede yo jwenn aksè nan pwogram asistans ki disponib yo epi pou kapab jere depans enèji yo. Nan preparasyon pou ivè sa a, sèvis piblik yo dwe travay tou ak kliyan yo "ki ka gen entèripsyon", ki nan konsepsyon sistèm yo ede satisfè bezwen fyab pandan nenpòt peryòd tan frèt ekstrèm lè yo itilize konbistib altènativ".

Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York te pibliye yon [Lèt Diskresyon Ranfòsman](#) pou sipòte efò pou rezoud pwoblèm apwovizyonman ak depans ki gen rapò ak nouvo lwa kabiran byochofaj la. Lèt Diskresyon Ranfòsman an soulaje mank kabiran ki konfòm yo, espesyalman nan rejyon nò Eta New York, lè li bay yon

soulajman limite, yon ane pa rapò ak nouvo egzijans byomelanj yo. Nouvo lwa ki te adopte nan fen 2021 an etabli nivo minimòm byodiezèl nan tout lwil chofaj pou itilize nan bilding yo pou diminye polisyon lè a ak gaz a efè sè yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Basil Seggos te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li priyorize aksyon pou ede rezidan vilnerab New York, biznis, ak gouvènman yo prepare pou mwa ki pi frèt k ap vini yo, epi DEC pral kontinye travay ak ajans patnè nou yo pandan n ap avanse nan aksyon pou asire sekirite enèji New York la".

Gouvènè Hochul ap mande tou ajans Eta yo tou, ki gen ladan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), pou rankontre ak founisè kabiran yo pou kowòdone efò preparasyon yo anvan ivè a. Ajans eta yo pral travay nan tèt kole ak founisè yo pou asire ke envantè rezèv kabiran yo rive nan nivo apwopriye nan fen mwa oktòb la pou yo ka satisfè demann ak minimize enkyetid konsomatè yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA bay rezidan yo ak biznis yo yon seri opsyon ki ka ede ekonomize enèji, diminye bòdwo kouran ak chofaj, ogmante konfò pandan tanperati frèt yo. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo pwofite pwogram sa yo kounye a ki ka bay soulajman a kèk fanmi defavorize nan eta a pandan peryòd ane a kote itilizasyon enèji a pi wo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Premye priyorite Gouvènè Hochul se kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Sezon ivè sa a, sa vle di asire patnè enfrastrikti enpòtan nou yo ak kay endividyèl yo pare pou yon sezon fredri ki ka wè depans enèji k ap monte ak defi apwovizyonman. Eta a ap kowòdone atravè ajans ak patnè nou yo pou fè tout sa nou kapab pou asire Nouyòkè yo pare pou sezon ivè sa a, tankou pran mezi sa yo pou jere yon pèspektiv rezèv enèji ki mwens estab".

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Ivè New York yo pa janm fasil, epi posibilite depans enèji k ap monte yo sèlman fè sezon ivè k ap vini an vin pi difisil pou moun ki pa sèten sou fason yo pral gen mwayen pou chofe kay yo. Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) la se yon mwayen sekou pou ede granmoun aje, fanmi k ap travay, ak moun ki gen difikilte finansyèman pou kouvri pi gwo depans chofaj kay pandan ivè sa a".

Pandan depans enèji yo ap ogmante nan mwa ivè yo, kèk mezi Nouyòkè yo kapab pran pou pwoteje yo kont pri enèji ki pi wo yo se:

- **Aplike pou HEAP.** Aplike pou HEAP. Apati 1 novanm, Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (HEAP), ki ka bay pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo jiska 976 dola, tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay yo. Pou kalifye pou asistans chofaj yo, yon fanmi ki gen kat moun dwe gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,485 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 65,829 dola.
- **Pran mezi imedya pou pi efikas nan zafè enèji.** NYSERDA ofri konsèy sou ekonomi enèji pou [rezidan ak mèt kay yo](#) epitou biznis yo ki ka bese itilizasyon enèji yo. NYSERDA ofri tou yon seri [pwogram sou efikasite enèji nan kay](#) ki kapab ede ekonomize ak redui depans enèji alontèm. Kliyan ki elijib pou revni yo ka kalifye pou amelyorasyon nan enèji avèk pri redui oswa gratis nan kay yo atravè pwogram [Empower New York](#) la ak pwogram [Pèfòmans Adomisil Asiste avèk ENERGY STAR®](#) yo. Mèt kay yo ta dwe tcheke tou ak konpayi gaz ak sèvis piblik elektrik lokal yo pou jwenn aksè nan pwodui ak sèvis avèk rabè ki ka ede yo diminye depans enèji yo pandan tout ane a.
- **Resevwa yon lis asistans pèsonalize ki gen rapò ak enèji nan Eta a.** Konseye Enèji New York la kapab ede jesyonè Nouyòkè ki elijib pou revni yo jwenn pwogram ki ede yo depanse mwens nan enèji epi kreye espas ki pi an sante ak pi konfòtab. Avèk [Konseye Enèji New York la](#), konsomatè yo reponn kèk kesyon senp epi yo konekte avèk òf ekonomi enèji nan Eta New York. Sipòte pa NYSERDA ak konpayi sèvis piblik yo, Nouyòkè ki kalifye yo kapab jwenn èd pou peye bòdwo sèvis piblik yo, resevwa òf espesyal pou ede nan chofaj ak lòt.
- **Enskri pou enèji solè kominotè.** Enèji solè kominotè pèmèt Nouyòkè yo, sa gen ladan lokatè, pwopriyetè koperativ lojman/kondominyòm ak biznis yo, ekonomize lajan chak mwa nan bòdwo kouran yo. Konsomatè yo ka abònè nan yon pwojè enèji solè kominotè kote li disponib la epi kòmanse resevwa kredi sou bòdwo kouran yo pou enèji pwòp yon pak solè pwodui. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w enskri nan pwojè enèji solè kominotè sou [isit la](#).
- **Jwenn yon odit sou enèji gratis.** Mèt kay New York yo elijib pou yon evalyasyon enèji lakay yo gratis atravè [Pwogram Odit Enèjetik Rezidansyèl](#) (Residential Energy Audit Program) NYSERDA a. Evalyasyon enèji nan kay yo disponib an pèsòn epi apati teknoloji adistans yo. Kontraktè fòme ak kalifye yo ki bay sèvis evalyasyon enèji yo kapab ede mèt kay yo decide ki amelyorasyon enèj ki vo lapèn pou yo investi ladan, enstale amelyorasyon yo epi ede yo konekte mèt kay yo avèk pwogram finansman NYSERDA ki gen enterè ba yo.
- **Redui depans enèji biznis oswa bilding ou.** [Konseye Enèji Kominotè](#) yo atravè Eta New York kapab ede rezidan, mèt biznis ak bilding plizyè fanmi yo redui itilizasyon ak depans enèji yo.
- **Rejwenn yon kanpay chofaj ak refwadisman pwòp.** Patisipe nan yon kanpay fasilite pwosesis ranplasman yon sistèm chofaj oswa refwadisman aktyèl manm lan avèk yon teknoloji chofaj oswa refwadisman pwòp nan konekte manm yo avèk kontraktè ki deja kalifye epi prezante

ankourajman, soulajman fiskal, finansman ak opsyon peman posib yo. Kontraktè eksperimente yo ka bay yon mèt kay oswa biznis yon evalyasyon espesifik pou detèmine si adrès oswa espas komèsyal yo pral jwenn amelyorasyon kont dlo ki kapab pote plis konfò ak redui bòdwo enèji yo. Vizite [NYSERDA](#) pou wè si kominote ou a ap patisipe nan yon kanpay Chofaj ak Refwadisman Pwòp.

- **Konnen dwa ak pwoteksyon ou yo.** PWOGRAM ETA NEW YORK POU ASISTANS ENÈJI NAN KAY Dwa sa yo enkli opsyon pou peye bòdwo an vèsman, yon limit sou frè anreta yo, ase avi anvan yo fèmen sèvis yo, ak pwoteksyon pou moun ki gen yon revni fiks oswa ki gen pwoblèm medikal yo. Aprann sou yo nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) la nan [AskPSC](#).
- **Konsidere opsyon peman bòdwo yo.** Lè w ap antre an kontak avèk founisè sèvis piblik ou, pran ransèyman sou opsyon bòdwo ki pèmèt peman difere oswa opsyon 'bòdwo bidjetè' ki egalize bòdwo sèvis piblik ki pi wo nan yon sezon epi ki pi ba nan yon lòt. Sa kapab estriktire peman ou yo ak rann li pi fasil pou jere depans yo.
- **Pi byen konprann jesyon enèji bilding ou an.** [Mete Enèji pou Travay](#) bay yon pi bon konpreyansyon sou zouti ak pwogram pou biznis ki ede nan jesyon enèji pou bilding komèsyal ak endistriyèl yo epi gen ladan resous ki kapab ogmante pwofi, kreye yon avantaj konpetitif ak atenn pi gwo rezistans.

Vizite [NYSERDA](#) pou plis enfòmasyon sou pwogram yo, finansman ak asistans teknik ki disponib pou ede mèt kay, lokatè ak biznis yo jere bezwen enèji yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418